**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ БАЙЛАНЫС, ИНФОРМАТИЗАЦИЯЛАЎ ҲӘМ ТЕЛЕКОММУНИКАЦИЯ ТЕХНОЛОГИЯЛАРЫ МӘМЛЕКЕТЛИК КОМИТЕТИ**

**ТАШКЕНТ ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАРЫ УНИВЕРСИТЕТИ НӨКИС ФИЛИАЛЫ**

**Информациялық технологиялар кафедрасы**

**Компьютер инжиниринги факультетиниң**
**«Информатика ҳәм информациялық технологиялар» бағдарының**
**4-курс студенти Халиков Бабаназардың**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

***Темасы: “ Сызықлы емес структурадағы мағлыўматлар тийкарында программаластырыўда мағлыўматлар базаларынан пайдаланыў ”***

**Илимий басшы:** ______________________ **«Ўзбекистон почтаси» ААЖ Қарақалпақстан филиалы директоры Б.Машарипов**

______________________ **асс. А.Рысназаров**

**Кафедра баслығы:** ______________________ **т.и.к. Арзымбетов Т.З.**

НӨКИС - 2014 ж.

**Мазмуны**:

**Кирисиў ……………….…………………………….……………………3**

**§1. Мағлыўматлар структуралары ҳәм олар үстинде орынланатуғын әмеллер ………………………..……..………5**

**§2. Сызықлы емес структуралы мағлыўматлар ҳәм оларды програмаластырыўда қолланыў ……………………...…….12**

**§3. Сызықлы емес структуралы мағлыўматлар ушын мағлыўматлар базаларын қолланыў ……………..……………26**

**Жуўмақлаў……………………………………………...…………39**

**Әдебиятлар**

# КИРИСИЎ

Жәмийетимизде информацион коммуникация технологияларының раўажланыўы бул заманагөй техникаларда оларды жумыс ислеўин тәмийнлеўши программаларды жаратыў, усы программалардың информациялық тәмийнлениўи мәселелерин шешиў ҳәм қоллана билиў көнликпелерин ийелеў кереклигин көрсетпекте.

Компьютердеги информациялық системалардың ўазыйпасы мағлыўматларды қайта ислеў болғанлығы, усы мағлыўматлардың бирдей структураларда болмаўын есапқа алсақ программаластырыўда бир тегис усылларды қолланыў мүмкин емеслиги көринеди.

Программластырыўшы ҳәзирги дәўирде программаластырыў технологияларының имканиятларынан пайдалана билиўи ҳәмде ҳәр-қыйлы структуралардағы мағлыўматларды программаластырыўда қолланғанда компьютер ядын ҳәм ислеў ўақытын тежеп пайдалана билиўи керек.

Мениң питкериў қәнигелик жумысым сызықлы емес структурадағы мағлыўматлар тийкарында программаластырыўда мағлыўматлар базаларынан пайдаланыўға арналған болып: кирисиўден, үш параграфтан, жуўмақлаўдан ҳәм әдебиятлардан турады.

Биринши параграфта программаластырыўда қолланылатуғын мағлыўматлар структуралары ҳәм олар үстинде орынланатуғын әмеллер үйрениледи.

Екинши параграфында сызықлы емес структуралы мағлыўматлар түрлери, олардың дүзилислери, уқсаслықлары, оларды белгили түрдеги мағлыўматлардың байланыслары көринисине келтириў ҳәм оларды программаластырыўда қолланыў қарастырылып өтиледи.

Үшинши параграфында  сызықлы емес структуралы мағлыўматларды пайдаланып программаластырыўда мағлыўматлар базаларын қолланыўға арналып, сызықлы емес структуралар арасындағы байланысларды мағлыўматлар базалары таблицаларында сәўлелендириў мәселеси шешиледи. Ҳәмде анық мағлыўматлар тийкарында мысал алынып, олардың мағлыўматлар базасы веб серверлерде қолланылатуғын MySQL мағлыўматлар базасы таблицалары ушын дүзилип, программа коды PHP скриптлик тили жәрдеминде жазылыўы көрип өтиледи.

## §1. Мағлыўматлар структуралары ҳәм олар үстинде орынланатуғын әмеллер.

Берилген мәселени компьютер жәрдеминде шешкенимизде, керекли информация ҳәр-қыйлы түрлердиң элементлериниң жыйындысы көринисине келтириў керек.

Программаластырыўдың ҳәр-бир системаларында қурамалы структураларды жәмлестирип пайдаланыў ушын мағлыўматлардың әпиўайы түрлери ҳәм қуралларынан пайдаланылады. Мағлыўматлардың әпиўайы түри дегенде пүтин, логикалық, ҳақыйқый ҳәм символлық түрлер саналады. Программаластырыўдың көплеген системаларының ишинде әпиўайы түрлерден бир түрдеги элементлерден турыўшы массивлер, хәр-түрли шекли сандағы жазыўлар ҳәм тағы басқа структураларды группалаўға болады.

Улыўма айтқанда мағлыўматлар түри дегенимизде мәнислер көплиги ҳәм олар үстинде орынланатуғын операциялар көплиги түсиниледи. Бундай операцияларға төмендегилерди мысал етип көрсетиўимизге болады.

- Қарап шығыў ушын бос көпликти киритиў;
- Көпликке элемент қосыў;
- Көпликтен элемент алып таслаў;
- Қарастырып атырған көплигимиздиң бослығын тексериў;
- Қарастырып атырған көплигимизде неше элемент барлығын билиў;

Компьютер орайлық процессордың системалық командалары менен анықланыўшы бөлек битлердиң алгоритмлеринен турыўшы мағлыўматлар менен операцияларды орынлап жумыс ислейди. Компьютер арқалы шешилиўши мәселелер ҳәмме ўақыт битлер көринисинде бола бермейди. Олар санлар, литерлик, текстлик, символлық ҳәмде қурамалырақ болған избе-изликлер, дизимлер ҳәм тереклер түўриндеги структуралар болыўы мүмкин. Мағлыўматлардың структураларының машина ядындағы көринисин есапқа алмаған жағдайда қарастырылыўын абстракт яки логикалық

структуралар деп атаймыз. Ал кери жағдайда ямаса мағлыўматлардың машина ядындағы көринисин «мағлыўматлардың физикалық структурасы» деп аталады. Буннан келип шыққан ҳалда есаплаў системаларында, логикалық басқыштан физикалық басқышқа өткизиўши ҳәмде керисинше өткизиўши процедуралар бар болады.

Мысалы логикалық басқышта еки өлшемли массивтиң элементине рухсат алыўда оның таблицадағы қатар ҳәм бағана номерин қорсетиў менен әмелге асырылады. Физикалық баскышта алдыннан белгили массив ушын ажыратылған яддағы адрестен адреслеў функциялары аркалы шақырылады. Солай етип мағлыўматлардың ҳәр-бир структурасын логикалық (абстракт)) ҳәм физикалық (конкрет) деп характерлеўге болады. Усы еки басқыш арасындағы операциялардың байланысы төмендеги сүўретте көрсетилген.




Мағлыўматлардың структурасы дегенде улыўма жағдайда мағлыўматлар элементлери көплиги ҳәмде олар арасындағы байланыслар көплиги түсиниледи. Бундай анықлама бериў мағлыўматларды структуралаўдың усылларын өз ишине алып, бирақ анық мәселелерди шешкенде оның қандайда бир аспектлери қолланылады. Сонлықтан мағлыўматларды ажыратыўда қосымша классификациялаў пайдаланылады.

«Мағлыўматлардың физикалык структурасы» түсиниги мағлыўматлардың компьютердиң ядында физикалық сәўлелендирилиўин көрсетип, сақлаў структурасы, ишки структура ямаса ядтың структурасы депте аталады.

Компьютер ядында сәулелениўди есапқа алмаған ҳалда мағлыўматлар структурасын қарастырыў абстракт ямаса логикалық структура деп аталады. Сонлықтан логик структураларды физик структураларға ҳәм керисинше өткериўши процедуралар бар болады.

Жәнеде мағлыўматлардың структурасын әпиўайы ҳәм интегралласкан депте екиге бөледи. Әпиўайы мағлыўматлар структурасы дегенде қураўшы бөleklerge бөлинбейтуғын, битен асып кетпейтуғын мағлыўматлар структурасы түсиниледи. Интегралласқан мағлыўматлар структурасы бул қураўшылары әпиўайы ямаса өз гезегинде жәнe интегралласқан мағлыўматлар структурасы болады.

Мағлыўматлардың интегралласқан структуралары программалыўшы тәрепинен программаластырыў тиллери жәрдеминде мағлыўматларды интеграциялаў арқалы қуралып жаратылады.

Элементлер арасындағы байланыслардың бар ямаса жоғына байланыслы мағлыўматларды байланыспаған структурада (векторлар, массивлер, қатарлар, стеклер, нәўбетлер) ҳәмде байланысқан структуралар (байланысқан дизимлер) депте ажыратыўға болады.

Мағлыўматлар структураларының әҳмийетли белгилериниң бири бул оның өзгериўшеңлиги ( структура элеменлериниң санының ямаса олар арасындағы байланыстың өзгериўи) болып табылады. Бунда мағлыўматлар элементлериниң мәнислериниң өзгериўи есапқа алынбайды. Мағлыўматлар структурасы өзгериўшеңлигине байланыслы базалық, статистикалық, ярым стастистикалық, динамикалық ҳәмде файллық структураларға ажыратылады.

Базалық, статистикалық, ярым стастистикалық ҳәм динамикалық струтурадағы мағлыўматлар оператив яд ушын характерли болып, көбинесе оператив структуралар деп аталады. Файллық структуралар бул сыртқы яд ушын мөлшерленген болады.

Мениң питкериў қәнийгелик жумысымызда баслы мақсет оператив яд ушын сызықлы емес структурадағы мағлыўматлардың байланысларын

сыртқы ядта (файлларда) сәўлелендириў ҳәм программаластырыўда қолайлы алгоритмлер менен қолланыў усылларын жаратыў болып табылады.

Енди биз алға қойған мақсетимизде қолланылатуғын мағлыўматлардың структураланған түрлери менен танысып өтейик:

**Вектор** (бир өлшемли массив) – фиксерленген сандағы ,бир түрдеги элеменлерден турыўшы мағлыўматлар структурасы.

Мысалы: (1; 2; 15; 2; 22) ямаса (Артықбаев; Даўлетов; Халиков)

**Массив** – базалық деп аталыўшы, бир түрдеги элементлер избе излиги.

Мысалы: $\begin{pmatrix} 1 & 5 & 4 \\ 2 & 1 & 15 \\ 3 & 11 & 5 \end{pmatrix}$ ямаса $\begin{pmatrix} Xalikov; & Babanazar \\ Artiqbaev; & Iqlasbay \end{pmatrix}$

**Көплик** – бул бир түрдеги жәнеде қайталанбайтуғын мәнистеги мағлыўматлар структурасы.

Буған мысал ретинде алып текте элементлер мәнислери текте бир мәртебе ушырасатуғын формада жоқарыдағы массивлерди алыўға болады.

**Жазыў** – ҳәр қыйлы  мағлыўматлар түрлеринен тәртиплестирилген майданлар көплиги.

Мысалы: (Risnazarov; Ansatbay; 1975; TITU; assistent)

**Таблица** – бирдей жазыўлардың избе-изликлеринен турыўшы структура.

Мысалы: $\begin{pmatrix} Risnazarov; & Ansatbay; & 1975; & TITU; & assistent \\ Xalikov; & Babanazar; & 1990; & TITU; & student \end{pmatrix}$

**Дизимлер** - элементлерди қосыў ҳәм алыў операцияларын қолланыў мүмкин болған, өзгериўши сандағы элементлерден турыўшы тәртиплестирилген көплик.

Қоңсы болған элементлер арасында қатнасқа ийе ҳалатында тәртиплескен дизим, сызықлы дизим деп аталады.

Мағлыўматлар структурасының көзге көринерли белгиси бул оның элементлери арасындағы байланыслардың тәртиби болып табылады.

Сонлықтан структуралардың белгилерине қарап оларды сызықлы-тәртиплестирилген (сызықлы) ҳәмде сызықлы емес-тәртиплестирилген (сызықлы емес) структуралар деп ажыратылады.




Компьютер ядында өз-ара байланыста жайласыў харектерине байланыслы сызықлы структураларды ядта элементлери избе-из бөлистирилетуғын структуралар (векторлар, қатарлар, массивлер, стеклер, нәўбетлер) ҳәм де ядта қәлегенше байланыстабөлистирилетуғын структураларға (бир байланыслы, еки байланыслы ҳ.т.б. дизимлер) ажыратыўға болады.

Сызықлы мағлыўматлар структурасы – бул элементлер арасындағы байланыслар қандайда бир шәртлерди орынлаў керек болмаған структуралар.

Сызықлы структуралар картезианлық, қатарлық ҳәм дизимли болып бөлинеди.

Картезианлық ямаса туўры мүйешли структуралар бул туўрымүйеш таблицалар усылында жазыў мүмкиншилигин беретуғын мағлыўматларға айтылады. Мысалы:

B = (9, 3, 6, 5) – вектор;

Z = {7, 6, 0, 2, 3} –элементлер көплиги;

Қатарлық структуралар – бир өлшемли, динамик өзгериўшеӊ мағлыўматлар структурасы болып, оған элемент қосыў ҳәм алыў мүмкиншилиги болыўы керек. Өз нәўбетинде қатарлық структураларды стек, дек, нәўбет түрлерине бөлиўге болады.




**Стек** – бул элементти қосыў ҳәм алыў бир тәрептен болатуғын избе-излик түриндеги мағлыўматлар структурасы. Бул жерде «ақырғы келеген – биринши кетеди» (LIFO: Last Input – First Output) принципи қолланылады. Стекке мысал етип вагонларды тәртиплестириўде қолланылатуғын темир жол разъездин алыўға болады.

**Нәўбет** – бул элементти қосыў бир тәрепинен, ал алыў екинши тәрепинен болатуғын избе-излик.




Бул структура FIFO (биринши келгенге – биринши хызмет көрсетиледи) принципинде ис жүритеди.

Дек – элементлерди қосыў ҳәм алыў еки тәреплеме әмелге асырыўға болатуғын избе-излик.




Барлық дизимлик структураларда мағлыўматлардың логикалық тәртиби көрсеткишлер арқалы аңлатылады. Олар ҳәр бири элементтиң мәнислерин ҳәм өзинен кейинги (алдынғы) элементке көрсеткиш берилетугын еки майданнан турады.

Бул жоқарыдағы қарастырып өткен мағлыўматлар структуралары элементлер избе-излиги белгили тәртипте жайластырылған ямаса анық орны көрсетилген структурар болып олар программаластырыўда кеңнен қолланылады. Булардан басқа терек, граф ҳәм көп байланыслы дизимлер формасындағы структуралар программаластырыўда жийе ушырасып олар сызықлы структуралардың жәрдеми менен қурастырылады.

Питкериў қәнийгелик жумыстың келеси бөлиминде сызықлы емес структуралар ҳәм оларды программаластырыўда қолланыў усылларын қарастырып өтемиз.

## §2. Сызықлы емес структуралы мағлыўматлар ҳәм оларды программаластырыўда қолланыў

Сызықлы емес структурадағы мағлыўматлар – бул элементлер арасындағы байланыслар анық шәртлерге багынышлы болған мағлыўматлар структуралары болып, оған тереклер, графлар ҳәм көп байланыслы дизимлерди мысал етип көрсетиўге болады.

Терек көринисиндеги структуралар ҳәр-бири анық информацияны сақлаўшы ҳәм өзинен төмендеги (жоқарғы) дәрежедеги төбеге бағытланған төбелер ҳәм қабырғалардан турыўшы иерархиялық структура болып табылады. Терек – бул түйинлер (олардың биреўи түбир болады) ҳәм олар арасында иерархикалық структураны жаратыўшы қатнаслардан турыўшы элементлердиң жыйындысы болып саналады.




Нулинши дәрежеде жайласқан төбе теректиң түбири деп аталады (дәреже нумерациясын 1 ден басласада болады). Түбирге бирде-бир қабырға кирмейди. Өзинен бирде-бир қабырға шықпайтуғын төбелер жапырақлар деп аталады. Жоқарыдағы мысалда E, F, J, G, K ҳәм L төбелер жапырақлар болып саналады.

Бундай байланыста болған структураларды бизге белгили түрлер менен аңлатыў керек болады. Терек структурасындағы ҳәр-бир түйин өзиниң

информациялық майданы ҳәмде көрсеткиш майданына ийе болыўы керек. Көрсеткиш майданында структураның байланысын жаратыў усылына қарап өзиниң бағынатуғын ямаса оған бағынатуғын түйинлер ҳаққында жазыў болыўы тийис.

Жоқарыдағы мысалда көрсетилген теректи информацион майданлары ҳәм көрсеткиш майданларға ийе жазыўлар арқалы өзи тийисли түйинди таныйтуғын усылында структураласақ төмендегише болыўы керек.




Бунда түбир түйиннен басқа барлық түйинлердиң көрсеткиш майданларында жазыў бар болады. Ҳәмде бул жазыўларда өзи тийисли болған түйинлер (ата түйин) жазылады. Бирақ өзине тийисли болған түйинлер ҳаққында мағлыўматқа ийе болмайды. Программаластырыўда терек көринисиндеги мағлыўматлар структураларын қолланыўда массивлер ҳәм жазыўлардан пайдаланылады. Көрсеткишлерди жоқарыдағы усылда алыў ҳәр-бир түйин ушын адрес, информация майданы, көрсеткиш майданы, түйинниң дәрежесин көрсетиўши майдан ҳәмде бир атаға тийисли түйинлердиң избе-излигин көрсетиўши майданлар жәмленген жазыў (улыўма майданлары бесеў болған) арқалы аңлатыўға болады.

Биз терек түриндеги мағлыўматлар структурасын бул усылда жаратсақ онда қәлеген бир элемент ҳаққында толық мағлыўматқа ийе болыў ушын оның жазыўларынан басқа бул түйинге тийисли түйинлер барма, бар болса

олар қайсылар деген сораўға жуўап алыў ушын бул элемент турған дәрежеден кейинги дәрежедеги түйинлердиң көрсеткиш майданларын анализлеп шығыўымыз керек.

Енди биз усы теректи төмендегише усылда қабыл етейик.




Бунда көрсеткиш майданларына усы түйинге тийисли болған (егер бар болса) түйинлер жазылады. Жапырақ түйинлердиң көрсеткиш майданларыбос ҳалында болады. Бунда түйинниң ҳалатын толық тәрийплеў ушын адрес, информация майданы, көрсеткиш майданы ҳамде түйинниң дәрежесин көрсетиўши майданлар жәмленген жазыў арқалы аңлатыўға болады. Жоқарыдағы усылға қарағанда бир майданды кемейтириўге ерискенимиз бенен, түйинге тийисли пәски дәрежедеги түйинлер текте жалғыз ямаса анық белгили санда болса бир майданның ишине жазыў ҳәмде оны программа ишинде қолланыў жеңиллеў болыўы мүмкин. Кери жағдайда программада қолланыў ушын қолайлы болыў ушын жазыўға өз алдына майданлар қосыўға туўры келеди. Ямаса бир майданның ишине арнаўлы қабыллаған белгилер менен ажыратып жазыўға болады. Бундай усылда жазыў программада мағлыўматларды ажыратыўда қосымша әмеллерди орынлаўға алып келеди. Жәнеде түйинниң ата түйинин табыў ушын өзинен бир бағана жоқары түйинлерди қарастырып шығыўымыз керек.

Бул усылды терек усылындағы структуралардың бинар терек түринде қолланыўы жеңил болыўы мүмкин.

Бинар терек деп бос болған ямаса түбир деп аталыўшы биринши элементке ийе болып, қалған элементлериниң хәр бири кесилиспейтуғын еки үлес көпликлерге бөлинген шекли элементлер көплигине айтамыз. Бул үлес көпликлер дәслепки теректиң шеп хәм оң үлес көпликлери делинеди.

Бинар теректиң хәр бир элементи терек түйини делинеди.

Төменде бинар теректи сүўретлеў келтирилген.




Қатаң бинар терек

Терек 9 түйиннен ибарат. А-терек түбири оның шеп үлес тереги В-түбирге, ал оңы С түбирге ийе. Бул А- дан шығыўшы еки шақа менен шептеги В ға оңдағы С- ға барады. В оның шеп ямаса оң үлес тереги болсын, онда А – В- ның жолы, В шеп ямаса оң баласы делинеди. Балаларға ийе болмаған түйин жапырақ (лист) деп аталады. n1-түйин n2- түйинниң атасы деп аталады. Егер n1 n2 ниң әкеси ямаса әкесиниң әкеси болса. Мәселен А –G ның атасы, H-C ниң урпағы. n2- түйин n1 түйинниң шеп урпағы делинеди егер n2 n1 диң шеп баласы ямаса n1 шеп баласының урпағынан болса еки түйин ағалы инили делинеди егер олар бир әкениң баласы болса. Егер бинар теректиң хәр бир жапырақ болмаған түйини бос емес оң хәм шеп үлес терекке ийе болса онда қатаң бинар терек делинеди. Қатаң бинар терек n жапыраққа ийе болса онда хәмме ўақытта 2n-1 түйинге ийе болады. Бинар

теректе түйинлер дәрежеси былай анықланады. Терек түбири 0 ши дәрежеде, басқа қәлеген түйин дәрийжеси өзиниң әкесиниң 1 дәрежесинен артық болады. E – 2 дәрет, H – 3 дәрет түйинлер.

Бинар теректиң тереңлиги деп оның жапрақларының максимал дәрежесине айтамыз. n - дәрежедеги толық бинар терек – бул сондай терек болып ондағы n нен киши дәрежедеги ҳәр бир түйин жапырақ болып, n нен киши дәрийжедеги ҳәр бир түйин бос емес шеп ҳәм оң үлес терекке ийе болады.

Дерлик толық бинар терек деп сондай бинар терекке айтамыз, сондай терис емес пүтин K саны бар болып:

Теректиң ҳәр бир жапрағы K ямаса K+1 дәрежеге ийе

Егер түйин K+1 дәрежедеги оң урпаққа ийе болса онда оның барлық шеп урпақлары жапырақ болып K+1 дәрежеге ийе болады.







а) Қатаң бинар терек дерлик толық емес бинар терек 1 шәрт бузылған




б)   Қатаң бинар терек дерлик толық емес ( 2- шәрт бузылды)




в) Қатаң бинар терек дерлик толық бинар терек




д)



г) Дерлик толық бинар терек қатаң емес

лев сын= узв отец

прав сын = узв отец+1

Дерлик толық қатаң бинар терек n – жапырақлы 2n-1 түйинге ийе болады.

Дерлик толық бинар терек қатаң емес n жапырақлы 2n- түйинге ийе болады. n - түйинге дерлик толық бинар терек қатаң бинар терек болады егер n- тақ болса.

Бинар терек ушын элементар әмеллер орынлы. Егер nd түйинге ийе бинар теректиң көрсеткиши p болса, онда info(p) функциясы nd түйинниң ишиндеги мағлыўматты билдиреди. left(p), right(p), father(p) ҳәм brother(p) функциялары сәйкес түрде nd түйинниң шеп баласы, оң баласы, атасы ҳәм инисиниң көрсеткишлерин аңлатады. Бул функциялар бос көрсеткишти анықлайды, егер nd түйин шеп балаға, оң балаға, атасы ҳәм инисине ийе болмаса.

Логикалық функциялар isleft(p) ҳәм isright(p) true мәниске ийе болады егер nd түйин базы бир түйинниң сәйкес түрде шеп ямаса оң баласы болса егер ондай болмаса онда ол функцияллар false (жалған) мәнисин қабыл етеди.

isleft(p), isright(p), ҳәм brother(p) функцияларын left(p), right(p), father(p) функциялары жәрдеминде әмелге асырыўға болады.

isleft(p) функциясы алгоритми

```
function  isleft(p)
q=father(p)
if q=null then isleft= false
else if left(q)=p then isleft= true
else isleft false
end if
```

```
end if
return
```

Усыған уқсас isright функциясын жазыў мүмкин.

brother(p) функциясы алгоритими

```
function  brother(p)
 if father(p)=null
 then brother(p)=null
else if left(p)
 then brother = right (father(p))
else brother = left (father(p))
end if
end if
return
```

Бинар тереклерди дүзиўде make tree, set left, set right әмеллери пайдалы болады.

make tree(x) функциясы информациялық майданда  x болған бир түйинли бинар терек дүзеди ҳәм оның түйини көрсеткишин анықлайды. set left(p,x) функциясы информациялық майданда x болған шеп баласы болмаған nd түйинге ийе бинар Терек ушын оның шеп баласын дүзеди.

set right(p,x) функциясы p көрсеткиш бинар теректиң оң баласын дүзеди. Бинар теректиң қолланылыўына мысал көремиз.

Бинар терек еки жағдайдан биреўин таңлап алыўда жақсы жәрдем береди.

Егер бизге санлар дизими берилген болып олар ишинен барлық дубликатларды анықлаў керек болсын. Буны шешиў ушын санлардың ҳәр бирин оннан алдынғысы менен салыстырып табыўғада болады, бирақ бунда көп салыстырыў керек болады. Егер бинар терек қолលансақ санын азайтыў мүмкин.

Шешилиўи: биринши санды алып оны түйинге жайластырамыз ҳәм оны Терек түбири деп есаплаймыз. Оннан кейинги ҳәр бир сан түбирдеги сан

менен салыстырылып егер ол сан тең болса дубликат деп есапланады егер ол сан түбирдеги саннан киши болса онда түбирдиң шеп баласына, ал үлкен болса оң баласына жайластырылады. Одан кейинги сан түбирден киши болып ҳәм оның шеп баласынан да киши болса онда шеп баласының шеп баласына, үлкен болса шеп баласының оң баласына жайластырылады ҳәм процесс даўам етеди,




көринисине келтириледи.

**Графлар** төбелерден ҳәм доғалар көплигинен турады. Графта ҳәрбир доға түйинлер жубы менен көрсетиледи. 13.1-а сүўретте граф көрсетилген оның түйинлер көплиги {A,B,C,D,E,F,G,H}, доғалар көплиги {(A,B),(A,D),(A,C),(C,D),(C,F),(E,G),(A,A)}. Доға дүзиўши түйинлер жубы тәртиплескен болса, онда граф бағытланған граф делинеди.




Сүўретлерде 3 бағытланған графлар көрсетилген. Түйинлер арасындағы аралықлар доға дүзеди. Стрелканың басы түйинниң екиншисин көрсетеди, ал оның кейини биринши түйинди көрсетеди. б сүўреттеги графтың доғалар көплиги {<A,B>, <A,C>, <A,D>, <C,D>, <F,C>, <E,G>, <A,A>} бунда бағытланған графлар доғалары мүйеш қаўыслар менен көрсетилген.Соны айтып өтиў керек, граф терек болыўы шәрт емес, бирақ терек шәртли түрде граф болады. Теректеги (в сүўрет) атадан балаға көрсеткиш граф доғасы ролин атқарады. Түйинниң доғасы болыўы шәрт емес. N- түйин x –доғаға инцидентли делинеди, егер N x- доғаны дүзиўши тәртиплескен еки түйинниң биреўи болса. Түйинниң дәрежеси деп түйинге инцидент доғалар санына айтамыз. N –түйинге кириўдиң ярым дәрежеси деп N -түйинге тирелген стрелкалар санына айтамыз. N- түйиннен шығыўдың ярым

дәрежеси деп оннан шыққан стрелкалар санына айтамыз. Мысал ушын г сүўретте А түйинниң ярым дәрежели кириўи -1 ге тең, ярым дәрежели шығысы -2 тең. N- түйин М- түйин менен қоңсы делинеди, егер М менен N ге доға бар болса. А–көплигинде берилген R қатнас – бул А элементлериниң тәртиплескен элементлер жубы. Егер <x,y> жубы  R қатнасы ағзасы болса, онда x  y пенен  R қатнаста болады деп айтамыз.Мәселен А= {3,5,6,8,10,17  } көплиги болса , онда {<3,10>, <5,6>, <5,8>,  <6,17>, <8,17>, <10,17>} көплиги А дағы қатнас деп аталады.Бул қатнас былай сүўретлениўи мүмкин : x ҳәм y берилген қатнаста болады, егер x ҳәм y  А ға тийисли болып , x  y тен киши ҳәм y тиң x қа бөлингендеги қалдық тақ сан болса. Элемент <8,17>  айтылған қатнас элементи болады, себеби 8  17 ден киши ҳәм 17 ни 8 ге бөлсек қалдық 1 ге тең . Қатнас граф түринде берилиўи мүмкин , оның түйинлери тийкарғы көпликти, доғалары тәртиплескен қатнаслар жубын анықласа. 13.2-а сүўретте жоқарыдағы сүўретленген қатнасты көрсетиўши граф берилген.









Графтың ҳәр бир доғасы менен бир мәнис байланған болыўы мүмкин б сүўрет. Бул жерде ҳәр бир доғаға стрелка менен көрсетилген түйинлердеги санларды бирине бирн бөлиўден шыққан қалдықты байланыстырамыз. Бундай доғасы менен қандай да бир мәнис байланысқан графқа өлшемли граф ямаса тармақ деп атайды. Ҳәр бир доға менен байланысқан мәниске оның салмағы делинеди.

Енди графлар менен жумыс ислеўде пайдалы болған әмеллер менен танысайық. Join(a,b) әмели графтың а түйининен b түйинине доға қосады, егер доғасы болмаса. joinwt(a,b,x) әмели өлшемли граф ушын а түйиннен b түйинге доға қосады ҳәм оның салмағын x деп алады. remv(a,b) ҳәм remvwt(a,b,x) әмеллер сәйкес граф ҳәм өлшемли графтан а дан b ға шекемги доғаны алып таслайды. Adjacent(a,b) функциясы b түйини а түйини менен қоңсы болса онда «рас» мәнисин қабыл етеди, егер керисинше болса «жалған» мәнисин қабыл етеди. а түйиннен b түйинге шекем K-узынлықтағы жол k+1 сандағы сондай n1, n2, …nk+1 түйинлер избе-излиги менен анықланады олар ушын n1=a nk+1=b ҳәм adjacent(ni,ni+1) функциясы 1 k шекемги аралықтағы барлық i лер ушын рас мәнисин қабыл етеди. Егер қандай да бир r ушын а түйиннен b түйинге шекем к узынлықтағы жол бар болса онда а түйиннен b түйинге жол бар деп есапланады. Түйиннен оның өзине шекемги жолды цикл деп атайды. Егер графта цикл бар болса оны циклы деп атайды, болмаса ацикллы деп атайды. 3-сүўреттеги графты қараймыз, онда А түйиннен С түйинге узынлығы 1 ге тең жол бар, В түйиннен G түйинге узынлығы 2 тең 2 жол бар, А дан F ке бир жол узынлығы 3 ке тең, В дан В ға цикл бар, F тен F ке, H тан H қа да цикллар бар.

**Ағымлар мәселеси**

Биз реал әмелий мәселени қарайиыз ҳәм оны өлшемли граф жәрдеминде шешемиз. Оны ҳәр қыйлы қойылыўда қараўға болады. мейли бизге суў өткизиўши трубалар системасы берилген болсын. ҳәр бир доға трубаны билдиреди ондағы сан трубаның суў өткизиў мүмкиншилигин аңлатсын.




S тең Т ға бир бағытта суў ағады, S суў көзи, Т жыйналыў пункты болсын. Биз S тен Т ға ағып өтиўши суў ағымын максималластырыўымыз керек. С(а, в) деп а дан в ға ағып өтиўши трубаның өткизиў мүмкиншилиги функциясын белгилеймиз. С(а, в) трубаның суў өткизиў мүмкиншилиги мәнисине тең. Егер а дан в ға труба жоқ болса С(а, в)=0 болады. f(а, в) ағым функциясы болсын ҳәм ол а дан в ға ағып өтиўши суў муғдарына тең болады. f(а, в)$\leq$ С(а, в) болады. Мейли V S тен Т ға ағып келиўши суў көлеми болсын. Онда

$$\sum f(s,x) = V = \sum f(x,T) \qquad (1)$$

$$\sum f(x,y) = \sum f(y,x) \qquad \forall x \neq S,T$$

х түйинниң шығыўшы ағымы деп оннан шығып кетиўши ағымлар суммасына, кириўши ағымлар деп оған келип түсиўши ағымлар суўммасына айтамыз. Демек S тиң шығыўшы ағымы =Т ниң кириўши ағмына =V.

Демек трубаның өткизиўшилик мүмкиншиликлерине қарап суў ағымын жақсылаў мүмкин, яғный суў ағымы функциясы мәнислерин көбейтиўге болады. Оның еки жол бар, бириншиси S тең Т ға шекемги жолларды қарап шығып олар ишинде суў өткериў мүмкмншиликлери суў ағымынан үлкенирек болған жол табылса онда жолдың доғаларының минимал суў өткизиўшилик мәнисине шекем суў ағмын көтериўге болады.

Алгоритм

Ҳәр бир функцияның мәнисине қараймыз

S тен Т ға шекемги сондай жолды таңлаў керек Т ға келип түсиўши ағым а>0 шамаға артсын.

Егер бундай жол табылмаса кейинге қайтарылады.

Ҳәр бир түйинде ағымда а мәнисине көбейтиў

2 – адымға өтилсин.

## §3. СЫЗЫҚЛЫ ЕМЕС СТРУКТУРАЛЫ МАҒЛЫЎМАТЛАР УШЫН МАҒЛЫЎМАТЛАР БАЗАЛАРЫН ҚОЛЛАНЫЎ.

Биз төмендеги көринистеги терек формасындағы байланысқан мағлыўматлар ушын олардың байланысын, информациялық майданлары мәнислерин жарата алатуғын мағлыўматлар базасының моделин ислеп шығайық.




Бул мағлыўматлар структурасында n,m,k ҳәм t лар пүтин санлар болып ҳәр-бир түйиннен щығатуғын шақалар санын болып, түйин туйық болса 0 ге тең болады. $A_0$ түбир түйинин ҳеш-бир түйинге бағынбағанлығы себепли оны таблицада көрсетип кетпесекте болады. Бирақ оған тийисли информация майданын тийисли таблицада көрсетиўимиз керек. Деген менен басқа түйинлер ҳәмде оларрдың информация майданлары усы түбир түйинге тийисли болғанлықтан, терек түриндеги мағлыўматлар структураларындағы ҳәр-бир түйин өзиниң информация майданына ийе болатуғынлығы, қосымша шақаларға ийе болыўы мүмкинлиги көринеди.

Жәнеде бундай мағлыўматлар тийкарында жаратылған информациялық системалардың ислеў процессинде қандайда ўақыт аралықларында бир бағдардағы информацияларды алып таслаў, қосымша бағытта информациялар қосыў, белгили түүйинлерди басқа түйинлерге өткериў ҳ.т.б.

керек болып қалады. Сонлықтан мағлыўматлар базаларында сәўлелендириўде булардың барлығын есапқа алыў керек.

Жоқарыда берилген схемадағы мағлыўматлар структурасындағы түйинлердиң бир-бирине байланысын төмендеги таблицада көрсетип өтемиз.

| Түйин идентификация номери (ID) | Түйин аты | Түйинниң ата түйининиң ID | Түйинниң қатар номери | Түйинниң дәрежеси |
|---|---|---|---|---|
| 1 | A01 | 0 | 1 | 1 |
| 2 | A02 | 0 | 2 | 1 |
| .. | .. | 0 | 3 | 1 |
| n | A0n | 0 | n | 1 |
| n+1 | A011 | 1 | 1 | 2 |
| n+2 | A012 | 1 | 2 | 2 |
| … | … | 1 | 3 | 2 |
| n+m | A01m | 1 | m | 2 |
| n+m+1 | A021 | 2 | 1 | 2 |
| n+m+2 | A022 | 2 | 2 | 2 |
| ….. | | | | 2 |
| ….. | | | | 2 |
| n+m+k+t | A0nt | n | … | 2 |

Бул таблицадағы байланыс бойынша ҳәр-бир түйин өзиниң ата түйинин таныйды бирақ өзине тийисли шақа түйинлерди билмейди. Сонлықтанда программаластырыў даўамында өзине тийисли шақа түйинлерди табыў керек жағдайларда белгили излеў, саралаў алгоритмлеринен пайдаланамыз.

Питкериў қәнийгелик жумысты орынлаўда үйренилген материалларға тийкарланып, берилген әмелий мәселе ушын информациялық системаның мағлыўматларының базасын ҳәмде интерфейсин ислеп шығайық.

Бизге кафедрамыздың питкериўшилериниң питкериў қәнийгелик жумысларына мәмлекетлик аттестация коммисиясының жумысларын автоматластырыўшы системаны ислеп шығыў тапсырылған болсын.

Кафедраны усы жылы еки қәнийгелик бойынша 73 студент питкерип шығыў режелестирилген болып, оларға қәнийгелик жумыслары темалары, илимий басшылары, илимий мәслахатшылар ҳәмде қорғаў сәнеси буйрық пенен бекитилген. Жәнеде мәмлекетлик аттестация комиссиясы ағзалары бекитилген. Деканат тәрепинен ҳәр-бир студенттиң оқыў даўамында пәнлерди өзлестириў көрсеткишлери жыйындысы берилген болады.

Мәмлекетлик аттестация комиссиясы ҳәр-бир студентти ажыратылған ўәкытта тыңлап, оған қосымша сораўлар берип, кейнинен студентти егер питкериў жумысын қорғады деп санаса 100 баллық системада бал қойыўы керек болады. Комиссияның ҳәр-бир студент бойынша усы ис ҳәрекетиниң ҳәммеси протоколластырылып қағаз түрринде шығарылыўы керек болады.

Бизиң проектлестирип атырған системамыз Веб-сервер ушын мөлшерленип, қәнийгелик қорғаў жумысы болып атырған кабинетте интернет болғанда ямаса бир компютерде локал сервер жәрдеминде жумыс ислеўи мүмкин.

Система тийкарынан аттестация комиссиясының хаткериниң жумысын жеңиллетип, жәнеде комиссия жумысы бойынша есабатларды тез таярлаў ушын қолланылады. Қағаз жумысларын азайтады.

Системаның жумыс ислеў мақсетин анықлап алыўымыздан кейин енди керекли мағлыўматларды анализлеп шығайық.




Бунда студентке тийисли мағлыўматлар берилген болып «группасы» на группалар ҳаққындағы мағлыўматлардың ишинен тийисли группа қойылады.




Группалар бир-биринен ажыратылатуғын тийкарғы мағлыўматларды минимал түрде алғанда бул жерде «Қәнийгелиги» не мәнис қәнийгеликлер хәқыында мағлыўматлардан алыныўы тийис.




Бул үш топардағы мағлыўматлар текте студентти аңлатыў ушын ислетиледи. Енди илимий басшы хәмде илимий мәслаҳатшыларды аңлатыўшы мағлыўматларды қарастырып өтейик.




Илимий мәслаҳатшылар туўрысында да тап сондай мағлыўматлар қайталанады. Сонлыктан еки түрдеги мағлыўмат ушын бир таблицадан пайдаланамыз.

Бул мағлыўматлардан басқада керекли мағлыўматлардан: питкериў қәнийгелик жумысының темалары хаққындағы мағлыўмат, студенттиң төрт жыл даўамында оқыған пәнлери, олардың саат көлемлери хәм хәр-бир студенттиң хәр-бир пәннен топлаған баллары туўрысындағы мағлыўматлар есапқа алыныўы тийис.

Системаның жетерли информацияларды бериўде жоқарыдағы мағлыўматлардан пайдаланыўы менен бир қатарда қорғаў ўақтында студенке берилген қосымша сораўлар ҳәмде коммиссияның шешими менен студенке қойылған балл киритилиўи тийис.

Системаның мағлыўматлар базасын дүзген ўақытта қорғаў графигинде есапқа алыў зәрүр болады.

Бул мағлыўматлар барлығы студен әтирапында жәмлестирилиўи (студентке байланыстырылыўы) керек.




